

## **ELIPSIS JEJER SAJRONE UKARA CAMBORAN ING BASA JAWA**

Choirunnisa

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah FBS Universitas Negeri Surabaya (unsa\_run@yahoo.co.id)

**Drs Sugeng Adipitoyo, M.Si**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah FBS Universitas Negeri Surabaya

### **Abstrak**

Panliten tumrap Elipsis Jejer kalebu panliten sing isih jarang ditindakake dening para ahli basa. Para ahli basa sing wis nlliti elipsis jejer kasebut durung ana sing mligi nlliti ngenani elipsis jejer adhedhasar wujud lan kalungguhane jejer sing dielipsisake. Adhedhasar bab kasebut undere panliten iki yaiku kepriye wujud jejer lan kalungguhane jejer sing dielipsisake sajrone ukara camboran? Tujuwane panliten iki, yaiku kanggo ngandharake lan njlentrehake wujud tembung sing nduweni guna jejer lan kalungguhane jejer sing dielipsisake sajrone ukara camboran.

Landhesan teori sing digunakake sajrone panliten iki, yaiku teori transformasi generatif. Tata makaryane teori transformasi generatif diperang dadi telu adhedhasar triaspek sintaksis, yaiku wujud (kategori), guna (fungsi), kalungguhan (peran).

Panliten iki kalebu jinis panliten linguistik deskriptif, panliten sing njlentrehake dhatane panliten iki, yaiku ukara-ukara camboran sing kalebu ukara elipsis jejer. Panliten iki asipat sinkronis, amarga basa sing ditliti yaiku basa Jawa sing digunakake ing jaman saiki. Sumber dhatane yaiku awujud karya sastra, lan karya sing dudu sastra ing kalawarti basa Jawa Jayabaya taun 2015. Dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku awujud teks tulis sajrone ukara-ukara camboran sing ngalami elipsis jejer ing rubrik-rubrik sastra lan nonsastra kalawarti Jayabaya taun 2015. Dhata diklumpukake nganggo teknik cathet. Tatacarane njlentrehake dhata ing panliten iki nggunakake metodhe agih. Asile njlentrehake dhata disuguhake nggunakake metodhe formal informal.

Elipsis jejer sajrone ukara camboran ing basa Jawa bisa diperang dadi loro adhedhasar wujud lan kalungguhane jejer sing dielipsisake sajrone ukara camboran. Adhedhasar teori transformasi generatif, wujud tembung sing manggoni kalungguhan jejer lan bisa dielipsisake sajrone ukara camboran, bisa diperang dadi telung jenis yaiku (1) elipsis jejer awujud tembung aran lan frasa aran sajrone ukara camboran, (2) elipsis jejer awujud tembung kriya lan frasa kriya sajrone ukara camboran, (3) elipsis jejer awujud tembung kahanan lan frasa kahanan sajrone ukara camboran. Elipsis jejer uga bisa diperang adhedhasar kalungguhane jejer sing dielipsisake miturut teori transformasi generatif, yaiku (1) elipsis jejer kalungguhan paraga sajrone ukara camboran, (2) elipsis jejer kalungguhan panandhang sajrone ukara camboran, (3) elipsis jejer kalungguhan paraga lan panandhang sajrone ukara camboran, (4) elipsis jejer kalungguhan panampa sajrone ukara camboran, (5) elipsis jejer kalungguhan reseptif sajrone ukara camboran, (6) elipsis jejer kalungguhan sumber sajrone ukara camboran, (7) elipsis jejer kalungguhan faktor sajrone ukara camboran. Jejer sing bisa dielipsisake yaiku jejer sing aran lan wujud padha antarane jejer siji lan jejer liyane sajrone ukara. Elipsis jejer nduweni tujuwan kanggo ngirit tembung ing ukara nanging ora ngowahi tegese ukara.

**Tembung wigati:** Elipsis, Jejer, Ukara camboran

### **PURWAKA**

Jejer sajrone ukara sing dadi bakune ukara sawise wasesa. Elipsis jejer kerep diprangguli sajrone ukara camboran jalaran ing ukara camboran ana tembung utawa frase sing nduweni wujud lan guna sing padha. Elipsis jejer sajrone ukara camboran nduweni teges nyingidake perangan jejer sajrone ukara nanging ora ngowahi tegese ukara, jejer sing disingidake yaiku jejer sing manggon ana ing klausa loro ing ukara camboran. Jejer sing disingidake ing klausa kapindho nduweni wujud guna lan aran sing padha karo jejer sing ana ing klausa kapisan, mula jejer sing ana ing klausa kapindho kudu disingidake kanthi tujuwan kanggo ngirit tembung nanging ora ngowahi tegese ukara. Elipsis jejer sajrone ukara camboran iki narik kawigaten kanggo ditliti jalaran isih durung akeh panliten sing nlliti elipsis mligine elipsis jejer sajrone ukara camboran. Yen ana panliten-panliten ngenani elipsis, lumrahe para panliti mung ngandharake

pamerange elipsis, lan elipsis minangka perangan kohesi gramatikal. Saperangan buku-buku lan panliten ana sing ngandharake elipsis, nanging mung saklebatan. Para ahli sing ngandharake elipsis anggone ngandharake ora rowa. Kayadene Sasangka sajrone *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*, (2013) elipsis mung diandharake saklebatan sajrone tuladha ing ukara camboran. Ahli basa liyane sing ngandharake ngenani elipsis yaiku Herawati sajrone *Kalimat dalam Bahasa Jawa Penyusunan dan Permasalahannya* (2006) ngandharake yen elipsis ing basa Jawa adhedhasar guna sing dielipsisake bisa diperang dadi telu yaiku elipsis jejer, elipsis wasesa, lan elipsis lesan. Andharan iki nyengkuyung anggone panliti nlliti ngenani elipsis jejer sajrone ukara camboran.

Adhedhasar andharan kasebut panliten iki njlentrehake elipsis jejer sajrone ukara camboran. Supaya luwih cetha panliten iki mung mligi ngandharake elipsis jejer sajrone ukara camboran adhedhasar telungaspek sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan. Panliten

iki ngandharake tembung sing nduweni guna jejer sing bisa dielipsisake, mula sajrone panliten iki elipsis jejer sajrone ukara camboran diperang dadi loro yaiku wujud lan kalungguhane jejer sing bisa dielipsisake. Panliten ngenani elipsis jejer ing ukara camboran iki bakal nggunakake dhata-dhata tulis sing ana ing kalawarti Jayabaya, amarga dhata-dhata tulis kuwi nduweni struktur sing luwih sampurna tinimbang dhata lisan senadyan dhata tulis mujudake dhata sekunder. Dhata sing arupa tulisan nduweni pangangen-angen sing luwih, saengga yen ana panganggone basa sing strukture kurang pener bakal diowahi dhisik kanthi dedit basane. Panliten iki nggunakake triaspek sintaksis minangka cara kanggo nganalisis elipsis jejer sajrone ukara camboran.

## **TINTINGAN KAPUSTAKAN**

Isine bab II iki yaiku (1) panliten ngenani elipsis lan panliten iki, (2) konsep-konsep kanggo panliten iki, lan (3) landhesan teori. Andharan sing luwih cetha ing ngisor iki.

### **2.1 Panliten ngenani Elipsis lan Panliten Iki**

Panliten elipsis jejer ing basa Jawa durung akeh ditindakake dening para panliti ananging sajrone panliten basa akeh panliti sing wis nlliti elipsis ing Basa Jawa. Elipsis jejer kalebu perangane panliten elipsis ing basa Jawa. Sadurunge ngandharake panliten elipsis ing basa Jawa, luwih dhisik prelu diandharake panliten elipsis ing basa Indonesia. Panliti sing tau nlliti elipsis ing basa Indonesia yaiku Teguh Setiawan, Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta kanthi irah-irahan Kaidah Pelepasan dalam Konstruksi Kalimat Majemuk Bahasa Indonesia tahun 2005. Dhata sing digunakake yaiku berita sajrone Kompas lan Kedaulatan Rakyat edisi Maret 2002. Asile panliten yaiku bisa didudut yen elipsis sajrone konstruksi ukara camboran koordinatif, bisa dielipsisake kaya mangkene (1) Jejer bisa dielipsisake yen jejer ing klausa siji lan klausa loro padha, (2) jejer sing bisa dielipsisake yaiku jejer klausa sing manggon sawise konjungtor koordinatif, (3) Panggonane klausa sajrone kontruksi koordinatif ora bisa diwalik. Sipat elipsis jejer yaiku anarforsis, (4) Elipsis ing wasase bisa dielipsisake yen klausa loro nduweni wasesa sing padha, (5) Wasesa sing dielipsisake yaiku wasesa sing manggon sawise konjungtor koordinatif, (6) Yen ana lesan sing ora bisa uwal karo wasesane, lesan kasebut padha karo klausa sadurunge, mula lesan kasebut disebutake ing klausa pisanan lan sawise konjungtor. Sifat wasesa sing dielipsisake yaiku anaforis, (7) Lesan sing bisa dielipsisake padha karo ing klausa kaloro, lan sing dielipsisake lesan ing klausa pisanan utawa klausa sadurunge konjungtor, sifate lesan sing dielipsisake yaiku kataforis. Kajaba saka kuwi panliten iki uga ngasilkake ngenani elipsis jejer sajrone ukara camboran subordinatif, bisa didudut yen jejer sing bisa dielipsisake yaiku jejer sing padha antara rong klausa, jejer sing dielipsisake yaiku jejer ing klausa terikat utawa jejer sawise konjungtor, posisi klausa sajrone konstruksi subordinatif

bisa diwalik, sipat acuan saka perangan sing dielipsisake yaiku kataforis lan anaforis. Panliten iki nggunakake metodhe distribusional kanggo nganalisis dhata, lan metodhe agih kanggo mangerteni perangan sing dielipsisake.

Panlitene Ahsani Taqwim ing tahun 2010 kanthi irah – irahan *Penanda Kohesi Elipsis dalam Wacana Bahasa Jawa di Majalah Panyebar Semangat*. Panliten iki ngandharake elipsis ing basa Jawa. Dhata sing digunakake yaiku wacana tulis ing majalah Panyebar Semangat. Asile panliten yaiku bisa didudut yen jinis-jinis penandha elipsis ing majalah Panyebar Semangat ana telu yaiku elipsis nominal, elipsis verbal, lan elipsis klausal. Sajrone dhata sing ditemukake ing majalah PS nduweni pola variasi struktur ukara sing ora padha. Perangan sing dielipsisake paling akeh yaiku elipsis jejer. Pamarkan sing dianggo ing panliten iki yaiku pamarkan teoritis nganggo pamarkan analisis wacana, dene pamarkan methodologis nganggo pamarkan deskriptif kualitatif.

Panliten sing ditindakake panliti yaiku panliten ngenani elipsis jejer ing basa Jawa. Panliten ngenani elipsis jejer iki isih arang ditindakake dening panliti basa. Panliti basa liyane akeh-akeh mung ngandharake elipsis kanthi cara umum utawa ora mligi ing perangan sing dielipsisake, mula panliti ing panliten iki ngandharake elipsis kanthi mligi yaiku ing perangan sing dielipsisake. Kanthi mangkono bisa dimangerteni yen panliten iki nduweni ancas kanggo njangkepi panliten-panliten sing wis tau ditindakake dening panliti basa liyane kanthi cara ngandharake panliten elipsis ing basa Jawa sing luwih mligi yaiku elipsis jejer sajrone ukara camboran ing basa Jawa.

### **2.2 Konsep kanggo Panliten Iki**

Miturut Gufron (2010:32) elipsis yaiku proses ilange tembung utawa satuwan basa liyane. Elipsis uga mujudake sesulih perangan kosong yaiku perangan sing satenane ana nanging disingidake kanthi sengaja, saengga perangan kasebut ora ana sajrone ukara. Elipsis yaiku nyingidake tembung utawa perangan liya sing wujud asline bisa dideleng sajrone konteks basa utawa konteks sanjabane basa (Kridalaksana, 1985:45). Elipsis minangka sawijining perangane kohesi gramatikal sing ngleburake utawa ngilangake sawijine tembung tartamtu sing wis sinebut sadurunge, sing dilebur lumrahe awujud tembung, frasa, utawa klausa. Fungsi saka elipsis yaiku (1) ngringkes ukara, (2) bisa tumuju marang rengketing wacana, (3) Tumrap pamaos nduweni paedah kanggo ngaktifake pamikiran marang sawijine prakara, (4) Kanggo ngirit praktise basa (Yuniseffendri, 2007:41).

Andharan-andharane ahli basa kasebut bisa didudut yen elipsis nduweni teges nyingidake sawijine perangan sing ana ing ukara kanthi tujuwan kanggo ngirit basa ananging ora ngowahi teges ukara kasebut. Elipsis nduweni teges nyingidake perangan sajrone ukara. Sajrone basa ukara sing bisa dielipsisake yaiku ukara lamba lan ukara camboran. Ukara lamba sing bisa dielipsisake awujud ukara pakon, ukara wewaler, biyasane perangan sing elipsisake yaiku jejer, jalaran

tanpa anane jejer sajrone ukara, pamaca wis bisa mangerteni tegese ukara. Dene ukara camboran sing bisa dielipsisake yaiku perangan sing elipsisake kudu nduweni wujud lan guna sing padha sajrone ukara. Kajaba saka kuwi elipsis sajrone ukara camboran, antarane klausa siji lan klausa loro kudu nduweni gegayutan. Elipsis ing basa nduweni tujuwan kanggo ngirit tembung supaya ora ana tembung sing diambali sajrone ukara, lan pamaca bisa ngerteni tegese ukara.

Adhedhasar perangan sing disingidake elipsis diperang dadi telu yaiku elipsis jejer, elipsis wasesa, lan elipsis lesan. Elipsis jejer yaiku nyingidake perangan jejer sajrone ukara kanthi tujuwan kanggo ngirit tembung nanging ora ngowahi tegese ukara. Elipsis wasesa yaiku nyingidake perangan wasesa ing ukara tanpa ngowahi tegese ukara, nanging ora kabeh wasesa bisa dielipsisake. Elipsis lesan yaiku nyingidake perangan lesan ing ukara tanpa ngowahi tegese ukara, ing elipsis lesan iki ora kabeh lesan bisa dielipsisake. Elipsis jejer kalebu perangan elipsis (Herawati, 2006:55). Titikane ukara elipsis yaiku (1) ana salah siji perangan ukara sing disingidake, (2) senadyan ana salah sijine perangan sing disingidake nanging ora ngowahi tegese ukara kasebut, (3) ukarane luwih ringkes nanging tegese ukara bisa dingerteni (Herawati, 2006:55). Jejer bisa awujud tembung aran, tembung sesulih, tembung wilangan, tembung kahanan. Jejer nduweni sipat-sipat : dadi prabot bakuning ukara minangka watesing tebane wasesa sing kapisan, madeg dhewe, kedadeyan saka tembung aran, ukara frase (Subagyo, 2011:31). Dene miturut Sasangka (2013:156) jejer yaiku perangan sing dadi bakune ukara utawa sing dadi lelakere ukara. Andharan – andharane para ahli kasebut bisa didudut yen elipsis jejer yaiku nyingidake guna jejer sajrone ukara kanthi tujuwan kanggo ngirit tembung nanging ora ngowahi tegese ukara. Anane elipsis jejer sajrone ukara jalaran ing ukara kasebut jejer nduweni wujud lan guna sing padha. Kanggo ngerteni luwih rowa ngenani elipsis jejer ing basa Jawa bakal diandharake ing ngisor iki.

Elipsis jejer nduweni teges nyingidake perangan jejer sajrone ukara nanging ora ngowahi teges sajrone ukara. Elipsis nyingidake jejer sajrone ukara nduweni tujuwan kanggo ngirit ukara supaya ora kedawan lan ukarane apik, nanging ora ngowahi teges sajrone ukara. Anane elipsis jejer dicakake ing ukara jalaran ukarane minangka jawaban sajrone guneman, elipsis jejer dumadi yen ukarane awujud ukara pakon, elipsis jejer dumadi jalaran ukarane awujud ukara majemuk, elipsis jejer dumadi jalaran ndhelikake jejer sajrone wacana monolog (Herawati, 2006: 56).

Miturut Antonsuhono (1956:20) ukara elipsis jejer sajrone ukara camboran sinebut uga ukara raketan jejer sing minangka perangan ukara camboran. Ukara raketan jejer yaiku ukara rangkep sing jejere ukara sing

siji marga padha ora disebutake maneh. Ukara raketan jejer kuwi, jejer siji disebutake ing ukara loro utawa luwih, jejer siji nduweni wasesa luwih saka siji. Miturut Hadisoebroto (tt:85) ukara elipsis jejer sajrone ukara camboran bisa disebut uga ukara rangkep ringkesan jejer. Ukara rangkep ringkesan jejer yaiku sesambungane ukara-ukara ing ukara rangkep kuwi sok luwih ringkes maneh yaiku padha nduweni perangan jejer sing padha, sing jejere ora perlu ditulis maneh. Winatase andharan para ahli ngenani elipsis jejer ing basa Jawa ing panliten iki mung nganggo andharane salah siji ahli basa sing ngandharake ngenani elipsis jejer. Andharane ahli basa kasebut ngenani elipsis jejer ing basa Jawa bisa didudut yen elipsis jejer yaiku nyingidake jejere ukara tanpa ngowahi tegese ukara sing nduweni tujuwan kanggo ngirit tembung. Titikane ukara sing ngalami elipsis jejer yaiku (1) Ukara kasebut ora katon jejere ananging nduweni wasesa, lesan utawa geganep, senajan mangkono tegese ukara bisa dingerteni, (2) Ukarane luwih ringkes lan irit, (3) Senadyan jejere ukara ora katon, ananging ukara kasebut bisa dingerteni dening pamaca.

Telung perangan sintaksis yaiku wujud, guna, lan kalungguhan minangka cara kerjane transformasi generatif. Transformasi generatif nduweni tata laku yaiku panggolongane wujud, pangisi guna, lan pangertene kalungguhan. Transformasi generatif nduweni gegayutan karo triaspek sintaksis mula elipsis jejer ing panliten iki diperang lan dianalisis adhedhasar triaspek sintaksis yaiku wujud lan kalungguhan. Guna ora kalebu perangan elipsis jejer jalaran sajrone panliten iki wis dicethakake yen jejer minangka guna sing elipsisake, mula guna ora kalebu perangan elipsis jejer. Senadyan guna ora kalebu ing pamerange elipsis jejer, nanging guna dinggo minangka teknik kanggo nganalisis elipsis jejer ing panliten iki, jalaran analisis sing dianggo yaiku triaspek sintaksis (wujud, guna, lan kalungguhan).

### **2.3 Teori kanggo Panliten Iki**

Teori sing digunakake ing panliten iki yaiku teori transformasi generatif. Teori transformasi generatif nduweni paradigma yaiku (1) sintaksis gandheng karo ukara lan tuturan sing bisa diresepi dening indrane manungsa minangka struktur sanjabane basa, (2) sajrone struktur batin ana sesambungan semantis lan sesambungan sistemik, lan (3) adhedhasar anane struktur batin kuwi, banjur struktur batin kasebut diandharake adhedhasar aspek wujud, guna, lan kalungguhane. Katelu aspek kasebut disebut triaspek sintaksis. (Adipitoyo, 2002:4). Adhedhasar andharan kasebut, panliten iki bakal nganalisis ukara sing ngalami elipsis jejer adhedhasar triaspek sintaksis yaiku wujud lan kalungguhane guna jejer sing dielipsisake sajrone ukara camboran, mula sajrone panliten iki nggunakake teori transformasi generatif.

Tata makaryane teori transformasi generatif iki diarani triaspek sintaksis. Triaspek sintaksis iki kadadeyan saka telung aspek yaiku wujud, guna, kalungguhan. Miturut teori transformasi generatif wujud tembung bisa diperang dadi tembung aran, tembung kriya, tembung kahanan, lan tembung panyilah (Alwasillah, 2011:99). Guna adhedhasar teori transformasi generatif bisa diperang dadi jejer, wasesa, lesan, geganep, lan katrangan (Alwasillah, 2011:80). Miturut transformasi generatif kalungguhan minangka struktur batin sing bisa dideleng saka struktur lair ukara kasebut yaiku saka wujud lan guna mula kalungguhan sajrone transformasi generatif bisa diperang dadi paraga (agentif), panandhang, reseptif, paraga lan panandhang (agentif lan objektif), sumber, panampa (benefaktif), faktor, kriya tanduk, kriya tanggap, kahanan, resiprokal, proses, tujuwan, papan, cara, lan wektu (Alwasillah, 2011:103).

## **METODHE PANLITEN**

Isine bab III iki yaiku (1) titikane panliten, (2) ubarampene panliten, lan (3) tatacarane panliten. Luwih jangkepe diandharake kaya ing ngisor iki.

### **3.1 Titikane Panliten**

Titikane panliten iki diperang dadi loro yaiku jinise panliten lan sipate panliten. Panliten iki kalebu jinise panliten linguistik dheskriptif. Titikan saka panliten dheskriptif, yaiku nggambarake konstituen-konstituen ujaran lan sesambungane ngenani semantik, sintaksis, lan fonologi, lumrahe awujud wujud gramatikal utawa variabel (Kridalaksana, 2008:47). Panliten iki kalebu sipate panliten sinkronis, amarga basa sing ditliti ing panliten iki yaiku basa ing jaman saiki (Kridalaksana, 2008:222). Miturut Mahsun (2012:117) panliten sinkronis yaiku panliten basa kanthi nlti fenomena sawijine basa ing wektu tartamtu. Panliten basa kanthi cara sinkronis yaiku panliten sing ditindakake kanthi ndeleng fenomena basa ing wektu tartamtu lan nduweni sipat dheskriptif. Ana telung cara sing ditindakake yaiku nyepakake dhata, nganalisis dhata, lan ngrumusake asile panliten. Panliten iki bakal njlentrehake ngenani elipsis jejer sajrone ukara camboran ing basa Jawa, lan basa sing digunakake yaiku basa Jawa ing tulisan sastra utawa dudu sastra jaman saiki.

### **3.2 Ubarampe Panliten**

Ubarampene panliten iki kaperang dadi telu yaiku dhata panliten, sumber dhata, lan instrumen panliten.

#### **3.2.1 Dhata Panliten**

Dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku dhata utama. Dhata utamane yaiku awujud teks tulis sing kalebu elipsis jejer sajrone ukara camboran ing wacan non sastra kayata rubrik ature redhaksi, kembang lambe, tradhisi, lsp, lan wacan sastra kayadene rubrik crita rakyat, crita cekak, crita taman putra, lsp sing ana ing kalawarti Jayabaya tahun 2015. Dhata ing panliten iki mligi mung dhata tulis jalaran basa sing dinggo yaiku basa tulis sajrone ilmu basa luwih nengenake dhapukan

tembung sing kalebu wujud, guna, lan kalungguhan. Dhata tulis luwih dipercaya jalaran nduweni struktur luwih sampurna, mula panliten iki mung mligi nganggo basa tulis.

#### **3.2.2 Sumber Dhata**

Sumber dhata yaiku sumber panggon sing dibutuhake dening panliti kanggo njupuk dhata. Panliten iki ora nggunakake kanthi tumemen sumber dhata cacah lima kasebut. Sumber dhata ing panliten awujud teks tulis. Sumber dhata ing panliten iki awujud karya sastra, lan karya sing dudu sastra ing kalawarti basa Jawa Jayabaya tahun 2015 sing dhatane awujud teks tulis.

#### **3.2.3 Instrumen Panliten**

Instrumen utama panliten iki yaiku wacan sing ana ing kalawarti Jayabaya arupa karya sastra lan non sastra. Instrumen liya sing nyengkuyung instrument utama yaiku kartu dhata lan piranti tulis. Piranti tulis ing panliten iki dinggo kanggo nglumpukake dhata sing ana ing majalah. Dhata sing diklumpukake banjur ditulis ing kartu dhata. Kertu dhata gunane kanggo nggampangake nglumpukake dhata lan nggolongake dhata adhedhasar konsep lan teori.

### **3.3 Tata carane Panliten**

Tata carane panliten iki yaiku tata cara nglumpukake dhata, tata cara njlentrehake dhata, lan tata cara nyuguhake asil jlentrehan dhata.

#### **3.3.1 Tata carane Nglumpukake Dhata**

Metodhe sing digunakake ing panliten iki kanggo nglumpukake dhata nggunakake teknik cathet. Kanggo nglumpukake dhata ing panliten iki diwiwiti kanthi cara nyathet ukara sing kalebu ukara elipsis jejer sajrone ukara camboran sajrone rubrik sastra lan nonsastra ing kalawarti Jayabaya taun 2015. Dhata sajrone panliten iki dijupuk saka kalawarti basa Jawa yaiku Jayabaya taun 2015.

#### **3.3.2 Tata carane Njlentrehake Dhata**

Metodhe sing dinggo ngandharake lan jlentrehake dhata, yaiku metodhe dhistribusional utawa agih. Metode dhistribusional yaiku metodhe nganalisis dhata kanthi perangan saka basa kuwi dhewe dadi perangan sing nemtokake analisis (Sudaryanto, 1993:15).

Metodhe dhistribusional dinggo kanggo njlentrehake wujud, guna, lan kalungguhan elipsis jejer sajrone kalawarti Jayabaya. Teknik sing digunakake ing panliten iki mung saperangan wae. Teknik sing digunakake yaiku teknik nambahi (sisip), teknik ganti, lan teknik ngowahi (ubah wujud).

#### **3.3.3 Tata carane Nyuguhake Asil Jlentrehan Dhata**

Tata carane nyuguhake dhata sajrone panliten iki yaiku asil analisis dhata sing ditliti dening panliti, disuguhake awujud laporan katulis ngenani sakabehe sing diasilake sajrone panliten iki, mligine ngenani ukara elipsis jejer sajrone ukara camboran ing basa Jawa. Dhata sing diklumpukake ing panliten iki yaiku ukara sing

kalebu ukara elipsis jejer sajrone ukara camboran. Tata cara nyuguhake dhata kaperang dadi loro yaiku formal lan informal. Tata cara nyuguhake dhata kanthi cara formal yaiku nyuguhake dhata kanthi cara nggunakake angka-angka lan lambang-lambang. Tata cara nyuguhake dhata kanthi cara informal yaiku menehake analisis dhata kanthi nganggo tembung-tembung sing lumrah (Sudaryanto, 1993:45). Tata cara nyuguhake dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku tata cara nyuguhake dhata kanthi cara formal informal, jalaran panliten iki anggone nyuguhake dhata nggunakake angka-angka lan lambang-lambang, lan nggunakake tembung-tembung sing lumrah supaya bisa dimangerteni lan dipamahi dening pamaos.

## ANDHARAN LAN JLENTREHAN

### 4.1.1 Elipsis Jejer Adhedhasar Wujude sajrone Ukara Camboran

Elipsis jejer sajrone ukara camboran ing basa Jawa adhedhasar wujude bisa diperang dadi telu, yaiku (1) elipsis jejer awujud tembung aran lan frasa aran sajrone ukara camboran, (2) elipsis jejer awujud tembung kriya lan frasa kriya sajrone ukara camboran, (3) elipsis jejer awujud tembung kahanan sajrone ukara camboran. Andharan perangan kasebut ing ngisor iki.

#### 4.1.1.1 Elipsis Jejer Awujud Tembung Aran lan Frase Aran

Elipsis jejer awujud tembung aran lan frase aran sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki

(1) Omahe dhewe lagi dibangun nanging nganti seprene durung dadi. ( Jb. No.35 Minggu I Mei 2015 kc.15)

(1a) Omahe dhewe lagi dibangun nanging  $\Theta$  (*omahe dhewe*) nganti seprene durung dadi.

(1b) Omahe dhewe lagi dibangun nanging *kamare* nganti seprene durung dadi.

(1c) Omahe dhewe lagi dibangun nanging *pawone* nganti seprene durung dadi.

Katelu ukara kasebutkalebu ukara sing bener lan bisa ngisi perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (1), nanging ora kabeh ukara kasebutcundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (1). Ukara sing trep lan cundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (1) yaiku mung ukara (1a) jalaran frasa sing ngisi perangan sing dielipsisake yaiku “omahe dhewe” trep karo sing dikarepake ing ukara (1). Frasa “omahe dhewe” ing klausa loro sing dielipsisake ngener marang frasa “omahe dhewe” ing klausa siji. Jalaran frasa ing klausa siji lan klausa loro padha mula frasa “omahe dhewe” ing klausa loro dielipsisake. Ukara (1b) lan (1c) kalebu ukara sing bener nanging ukara kasebut ora trep lan ora cundhuk karo ukara (1), jalaran frasa sing nduweni guna J sing manggon ana ing klausa kapindho ing ukara (1b) yaiku “kamare” lan frasa kapindho sing

nduweni guna J sing manggon ing ukara (1c) yaiku “pawone” ora ngener lan ora cundhuk karo frasa kapisan sing nduweni guna J sing manggon ana ing klausa siji ukara (1), mula ukara (1b) lan (1c) ora kalebu ukara elipsis jejer. Saka dhata kasebutbisa dimangerteni yen ukara (1a) bisa kalebu ukara elipsis jejer jalaran frasa sing dielipsisake sajrone klausa kapindho ngener lan cundhuk karo frasa sing nduweni guna J ing klausa siji.

Ukara (1) kasebutkalebu ukara elipsis jejer, jalaran J sajrone ukara camboran ing klausa kapindho kasebut disingidake. J sing disingidake yaiku “omahe dhewe” awujud F Ar. Mula ukara kasebut kalebu elipsis sing nyingidake J awujud F Ar. Ukara kasebut yen ditulis jangkep yaiku :

(1a) Omahe dhewe lagi dibangun nanging nganti seprene  $\Theta$  (*omahe dhewe*) durung dadi.

	<u>Omah</u>	<u>lagi</u>	<u>nangin</u>	<u>nganti</u>	<u>omah</u>	<u>durun</u>
	<u>e</u>	<u>dibang</u>	<u>g</u>	<u>sepre</u>	<u>e</u>	<u>g</u>
	<u>dhew</u>	<u>un</u>		<u>e</u>	<u>dhew</u>	<u>dadi</u>
	<u>e</u>				<u>e</u>	
W	F Ar	F Kr	T Pg	F An	F Ar	F Kh
G	J	Wa		Wkt	J	Wa
K	Pnd	Kr Tg		Wkt	Pnd	Kh

Andharan kasebut nuduhake yen jejer sing disingidake ing klausa kaping pindho awujud Fr Ar. Jejer sing awujud Fr Ar bisa dibuktekake kanthi cara nambahake tembung “dudu” ing sakiwane frase kasebut dadine yaiku “dudu omahe dhewe”, kanthi nambahake tembung “dudu” ing sakiwane frase kasebut dirasa trep lan gathuk, mula jejer nduweni wujud Fr Ar. Ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar, jalaran antarane klausa siji lan klausa loro ana T Pg yaiku tembung “nanging”. T Pg “nanging” kalebu T Pg kosokbalen. T Pg nuduhake yen ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar.

#### 4.1.1.2 Elipsis Jejer Awujud Tembung Kriya lan Frase Kriya

Elipsis jejer awujud tembung kriya lan frase kriya sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki

(2) Nggawe jeneng mono bebas merdika, bisa ngenut rasa lan jiwane. (JB.No.26 Minggu I Maret 2015 kc.6)

(20a) Nggawe jeneng mono bebas merdika,  $\Theta$  (*nggawe jeneng mono*) bisa ngenut rasa lan jiwane.

(20b) Nggawe jeneng mono bebas merdika, *surasane* bisa ngenut rasa lan jiwane.

Ukara-ukara kasebutkalebu ukara sing bener, nanging mung ukara (20a) sing cundhuk lan trep karo ukara (20) lan kalebu ukara elipsis J. J sing ana ing klausa loro ing Ukara (20a) “nggawe jeneng”, ngener marang J sing ana ing klausa siji ukara (20) yaiku “nggawe jeneng”, mula J ing klausa loro bisa dielipsisake, saengga ukara kasebut bisa kalebu ukara elipsis J. J ing klausa siji ukara (20) nduwenu aran, wujud, lan guna sing

padha karo J sing ana ing klausa loro ukara (20a). Ukara (20b) kalebu ukara sing bener nanging ukarana kasebut ora kalebu ukara elipsis J lan kalebu ukara sing ora trep jalaran J sing ana ing klausa loro ukara (20b) “surasane” ora ngener karo J sing ana ing klausa siji ukara (20), mula ukara (20b) ora kalebu ukara elipsis J.

Ukara (20) kasebutkalebu ukara elipsis J, jalaran J sajrone ukara camboran ing klausa kapindho kasebut disingidake. J sing disingidake yaiku “nggawe jeneng” tembung kasebut awujud F Kr. Mula ukara kasebut kalebu elipsis sing nyingidake J awujud F Kr. Ukara kasebut yen ditulis jangkep yaiku :

(20a) Nggawe jeneng mono bebas merdika,  $\Theta$  (nggawe jeneng mono) bisa ngenut rasa lan jiwane.

	<u>Nggawe</u>	<u>bebas</u>	<u>nggawe</u>	<u>bisa</u>	<u>rasa</u>
	<u>jeneng</u>	<u>merdika</u>	<u>jeneng</u>	<u>nganut</u>	<u>lan</u>
	<u>mono</u>		<u>mono</u>		<u>jiwane</u>
W	F Kr	F Kh	F Kr	F Kr	F Ar
G	J	Wa	J	Wa	L
K	Pnd	Kh	Pnd	Kh	Pnd

Andharan kasebut nuduhake yen jejer sing disingidake ing klausa pindho awujud F Kr. J sing awujud F Kr bisa dibuktekake kanthi cara nambahake tembung “ora” ing sakiwane tembung kasebut dadine yaiku “ora nggawe jeneng” ukara kasebut dirasa trep. Mula J nduweni wujud F Kr. J sing disingidake nduweni wujud F Kr lan nduweni kalungguhan Pnd. T Kr lan F Kr bisa nduweni guna J lan nduweni kalungguhan Pnd jalaran anane nominalisasi verba sing dituduhake lumantar sesuluh panuduh utawa titilaras nandhesake. Ing ukara iki dituduhake lumantar titi laras nandhesake. Ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar, jalaran antarane klausa siji lan klausa loro ana tandha waca “koma”, tandha waca kasebut nuduhake yen ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar.

#### 4.1.1.3 Elipsis Jejer Awujud Tembung Kahanan lan Frase Kahanan

Elipsis jejer awujud tembung kahanan lan frase kahanan sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki

(3) Gerahe isih durung suda kepara malah saya nemen. ( JB No. 33 Minggu III April 2015 kc. 33 )

(25a) Gerahe isih durung suda kepara  $\Theta$  (gerahe) malah saya nemen.

(25b) Gerahe isih durung suda kepara *watuke* malah saya nemen.

(25c) Gerahe isih durung suda kepara *panase* malah saya nemen.

Katelu ukara kasebut kalebu ukara sing bener lan bisa ngisi perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (25), nanging ora kabeh katelu ukara kasebutcundhuk

karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (25). Ukara sing trep lan cundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (25) yaiku mung ukara (25a) jalaran frasa sing ngisi perangan sing dielipsisake yaiku “gerahe” trep karo sing dikarepake ing ukara (25). Frasa “gerahe” ing klausa loro sing dielipsisake ngener marang tembung “gerahe” ing klausa siji. Jalaran frasa ing klausa siji lan klausa loro padha, mula frasa “gerahe” ing klausa loro dielipsisake. Ukara (25b) lan (25c) kalebu ukara sing bener nanging ukara kasebut ora trep lan ora cundhuk karo ukara (25), jalaran frasa sing nduweni guna J ing klausa kapindho ing ukara (25b) yaiku “watuke” lan frasa sing nduweni guna J ing ukara (25c) klausa kapindho yaiku “panase” ora ngener lan ora cundhuk karo frasa kapisan sing nduweni guna J ing klausa siji ukara (25), mula ukara (25b) lan (25c) ora kalebu ukara elipsis J. Saka dhata kasebutbisa dimangerteni yen ukara (25a) bisa kalebu ukara elipsis J jalaran frasa sing dielipsisake sajrone klausa kapindho ngener lan cundhuk karo frasa sing nduweni guna J ing klausa siji.

Ukara (25) kasebutkalebu ukara elipsis J, jalaran J sajrone ukara camboran ing klausa kapindho kasebut disingidake. J sing disingidake yaiku “gerahe” tembung kasebut awujud F Kh. Mula ukara kasebut kalebu elipsis sing nyingidake jejer awujud F Kh. Ukara kasebut yen ditulis jangkep yaiku :

(25a) Gerahe isih durung suda kepara  $\Theta$  (gerahe) malah saya nemen.

	<u>Gerahe</u>	<u>isih</u>	<u>kepara</u>	<u>gerahe</u>	<u>malah</u>
		<u>durung</u>			<u>saya</u>
		<u>suda</u>			<u>nemen</u>
W	F Kh	F Kh	T Pg	F Kh	F Kh
G	J	Wa		J	Wa
K	Pnd	Kh		Pnd	Kh

Andharan kasebut nuduhake yen J ing klausa kapindho disingidake. J awujud F Kh “gerahe” nduweni inti frasa yaiku “gerah” awujud T Kh. Kanggo mbuktekake yen intine frasa kasebut kalebu T Kh dibuktekake kanthi cara nambahake tembung “banget” lan tembung “rada” dadine yaiku “gerah banget” lan “rada gerah” kanthi nambahake tembung “rada” lan “banget” ing tembung kasebut dirasa trep. Mula J nduweni wujud F Kh. Ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar, jalaran nduweni rong klausa lan T Pg “kepara” kalebu T Pg mbangetake, nuduhake yen ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar.

#### 4.1.2 Elipsis Jejer Adhedhasar Kalungguhane Jejer sajrone Ukara Camboran

Elipsis jejer adhedhasar kalungguhane jejer sing dielipsisake bisa diperang yaiku (1) elipsis jejer kalungguhan paraga sajrone ukara camboran, (2) elipsis jejer kalungguhan panandhang sajrone ukara camboran, (3) elipsis jejer kalungguhan panampa sajrone ukara camboran, (4) elipsis jejer kalungguhan reseptif sajrone

ukara camboran, (5) elipsis jejer kalungguhan paraga lan panandhang sajrone ukara camboran, (6) elipsis jejer kalungguhan sumber sajrone ukara camboran, (7) elipsis jejer kalungguhan faktor sajrone ukara camboran. Ngenani perangan kasebut diandharake ing ngisor iki.

#### 4.1.2.1 Elipsis Jejer Kalungguhan Paraga sajrone Ukara Camboran

Elipsis jejer kalungguhan paraga sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki

(26) Cah nom-noman kuwi padha noleh lan ngingetake.

(JB. No.36 Minggu II Mei 2015 kc.47)

(26a) Cah nom-noman kuwi padha noleh lan  $\Theta$  (*cah nom-noman kuwi*) ngingetake.

(26b) Cah nom-noman kuwi padha noleh lan *aku* ngingetake.

(26c) Cah nom-noman kuwi padha noleh lan *wong tuwa kuwi* ngingetake.

Ukara-ukara kasebut kalebu ukara sing bener. Nanging mung ukara (26a) kalebu ukara sing trep lan cundhuk karo ukara (26). Jalaran J sing ana ing klausa loro ukara (26a) “cah nom-noman kuwi” ngener marang J sing manggon ana ing klausa siji ukara (26) “cah nom-noman kuwi”. J sing ana ing klausa siji lan loro ing ukara (26a) nduweni aran, wujud, lan guna sing padha, mula J ing klausa loro ukara kasebut dielipsisake. Ukara (26a) kajaba kalebu ukara sing trep uga kalebu ukara elipsis J, jalaran J ing klausa loro disingidake lan J sing disingidake ngener marang J sing ana ing klausa siji. Ukara (26b) lan (26c) kalebu ukara sing bener nanging kaloro ukara kasebut kalebu ukara sing ora trep jalaran J sing ana ing klausa loro ukara (26b) lan (26c) yaiku “aku” lan “wong tuwa kuwi” ora ngener marang J sing ana ing klausa siji ukara (26). Kajaba saka kuwi ukara (26b) lan (26c) ora kalebu ukara elipsis J.

Ukara (26) kasebut kalebu ukara elipsis jalaran ukara kasebut nyingidake J ing klausa kapindho. Ukara kasebut kalebu elipsis J kalungguhan Pr jalaran J sing disingidake ing klausa kapindho nduweni kalungguhan minangka Pr. Ukara kasebut kalebu ukara camboran jalaran dumadi saka rong klausa. J ing klausa pisan lan klausa pindho yaiku “Cah nom-noman”. Yen ditulis jangkep ukara kasebut

(26a) Cah nom-noman kuwi padha noleh lan  $\Theta$  (*cah nom-noman kuwi*) padha ngingetake.

<u>Cah</u>	<u>padha</u>	<u>lan</u>	<u>cah</u>	<u>padha</u>
<u>nom-</u>	<u>noleh</u>		<u>nom-</u>	<u>ningetake</u>
<u>noman</u>			<u>noman</u>	
<u>kuwi</u>			<u>kuwi</u>	

W	F Ar	F Kr	T Pg	F Ar	F Kr
G	J	Wa		J	Wa
K	Pr	Kr Td		Pr	Kr Td

Ukara kasebutkalebu ukara elipsis J kalungguhan Pr jalaran J sing disingidake ing ukara kasebut yaiku J

klausa pindho nduweni kalungguhan Pr. Kanggo mbuktekake yen J yaiku “Cah nom-noman kuwi” nduweni kalungguhan Pr dibuktekake kanthi pitakonan sapa. “Sapa sing padha ngingetake?” Pitakonan kasebut bisa dijawab “Sing padha ngingetake, Cah nom-noman kuwi.” Nuduhake yen Cah nom-noman kuwi nglakoni pakaryan padha ngingetake. Mula J ing klausa pindho sing disingidake nduweni kalungguhan Pr. Kajaba saka kuwi bisa dideleng saka Wa sing awujud T Kr lan nduweni kalungguhan Kr Td. Wa sing nduweni kalungguhan Kr Td lumrahe J nduweni kalungguhan Pr. Dene J ing klausa siji nduweni kalungguhan Pr, iki bisa dibuktekake kanthi pitakonan “Sapa sing padha noleh?” “Sing padha noleh, Cah nom-noman kuwi.” Pitakonan kasebut gathuk karo Jawabane, mula J ing klausa siji nduweni kalungguhan Pr. Wa ing klausa pindho nduweni kalungguhan Kr Td, lumrahe Wa kalungguhan Kr Td, J nduweni kalungguhan Pr. J ing klausa siji lan klausa loro nduweni W, G, lan K sing padha. Mula J ing klausa loro dielipsisake.

Ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar, jalaran ukara kasebut nggunakake T Pg “lan” kalebu T Pg nambahke. T Pg “lan” nuduhake T Pg sing lumrahe digunakake sajrone ukara camboran sajajar.

#### 4.1.2.2 Elipsis Jejer Kalungguhan Panandhang sajrone Ukara Camboran

Elipsis jejer kalungguhan panandhang sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki

(4) Gang kuwi dawane setengah kilometer tur ciyut. ( Jb. No.35 Minggu I Mei 2015 kc.28)

(31a) Gang kuwi dawane setengah kilometer tur  $\Theta$  (*gang kuwi*) ciyut.

(31b) Gang kuwi dawane setengah kilometer tur *dalane* ciyut.

(31c) Gang kuwi dawane setengah kilometer tur *kalene* ciyut.

Katelu ukara kasebutkalebu ukara sing bener lan bisa ngisi perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (31), nanging ora kabeh katelu ukara kasebutcundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (31). Ukara sing trep lan cundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (31) yaiku mung ukara (31a) jalaran frasa sing ngisi perangan sing dielipsisake yaiku “gang kuwi” trep karo sing dikarepake ing ukara (31). Frasa “gang kuwi” ing klausa loro sing dielipsisake ngener marang frasa “gang kuwi” ing klausa siji. Jalaran frasa ing klausa siji lan klausa loro padha, mula frasa “gang kuwi” ing klausa loro dielipsisake. Ukara (31b) lan (31c) kalebu ukara sing bener nanging ukara kasebut ora trep lan ora cundhuk karo ukara (31), jalaran frasa sing nduweni guna J ing klausa kapindho ing ukara (31b) yaiku “dalane” lan frasa sing nduweni guna J ing ukara

(31c) klausa kapindho yaiku “kalene” ora ngener lan ora cundhuk karo frasa kapisan sing nduweni guna J ing klausa siji ukara (31), mula ukara (31b) lan (31c) ora kalebu ukara elipsis J. Saka dhata kasebutbisa dimangerteni yen ukara (31a) bisa kalebu ukara elipsis J jalaran frasa sing dielipsisake sajrone klausa kapindho ngener lan cundhuk karo frasa sing nduweni guna J ing klausa siji.

Ukara (31) kasebut kalebu ukara elipsis jalaran ukara kasebut nyindingake J ing klausa kapindho. Ukara kasebut kalebu elipsis J kalungguhan Pnd jalaran J sing disingidake ing klausa kapindho nduweni kalungguhan minangka Pnd. Ukara kasebut kalebu ukara camboran jalaran dumadi saka rong klausa. J ing klausa pisan lan klausa pindho yaiku “Gang kuwi”. Yen ditulis jangkep ukara kasebut yaiku:

(31a) Gang kuwi dawane setengah kilometer tur  $\Theta$  (*gang kuwi*) ciyut.

	<u>Gang</u>	<u>dawane</u>	<u>setengah</u>	<u>tur</u>	<u>gang</u>	<u>ciyut</u>
	<u>kuwi</u>		<u>kilometer</u>		<u>kuwi</u>	
W	F Ar	F Kh	T Wi	T	F Ar	T Kh
				Pg		
G	J	Wa	Kt		J	Wa
K	Pnd	Kh	Uk		Pnd	Kh

Ukara kasebutkalebu ukara elipsis J kalungguhan Pnd jalaran J sing disingidake ing ukara kasebut yaiku J klausa pindho nduweni kalungguhan Pnd. Kanggo mbuktekake yen jejer yaiku “Gang kuwi” nduweni kalungguhan Pnd dibuktekake kanthi pitakonan apa. “Apa sing ciyut?” Pitakonan kasebut bisa diJawab “Sing ciyut, gang kuwi.” Nuduhake yen gang kuwi nduweni kahanan ciyut. J kalungguhan Pnd bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng Wa. J sing nduweni kalungguhan Pnd awujud T Ar sing ora nduweni nyawa utawa tembung sesulih lan jeneng lumrahe Wa awujud Kr Tg. Dene J sing awujud T Ar sing ora nduweni nyawa lumrahe Wa nduweni kalungguhan Kh. J ing klausa pindho yaiku “Gang kuwi” awujud F Ar sing ora nduweni nyawa. J kasebut nduweni Wa yaiku “ciyut” awujud T Kh lan nduweni kalungguhan Kh. Kanggo mbuktekake yen Wa nduweni kalungguhan Kh, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “Kepriye gang kuwi?” Pitakonan kasebut bisa diJawab “Gang kuwi ciyut.” Pitakonan kasebut nuduhake yen Wa nduweni kalungguhan Kh, mula J nduweni kalungguhan Pnd. Dene J ing klausa siji yaiku nduweni kalungguhan Pnd. Kanggo mbuktekake yen J ing klausa siji nduweni kalungguhan Pnd, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “Apa sing dawane setengah kilometer?” “sing dawane setengah kilometer, Gang kuwi.” Kajaba dibuktekake karo pitakonan kasebut uga bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng wujude J lan kalungguhan Wa. J awujud F Ar sing ora nduweni nyawa dene Wa ing klausa siji nduweni kalungguhan Kh, kanthi mangkono J

nduweni kalungguhan Pnd. Jalaran J nandhang kaya ing Wa. J ing klausa siji lan klausa loro nduweni W, G, lan K sing padha. Mula J ing klausa loro dielipsisake. J klausa siji lan klausa loro nduweni wujud yaiku F Ar, lan J ing klausa siji lan klausa loro nduweni guna J.

Ukara kasebut kalebu ukara camboran sajajar jalaran ukara kasebut nggunakake T Pg “tur” kalebu T Pg mbangetake. T Pg “tur” nuduhake T Pg sing lumrahe digunakake sajrone ukara camboran sajajar.

#### 4.1.2.3 Elipsis Jejer Kalungguhan Panampa sajrone Ukara Camboran

Elipsis jejer kalungguhan panampa sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki

(44) Sing bisa njawab entuk sakala iku banjur antuk hadiah langsung. ( JB. No. 29 Minggu IV Maret 2015 kc.10)

(44a) Sing bisa njawab entuk sakala iku banjur  $\Theta$  (*sing bisa njawab*) antuk hadiah langsung.

(44b) Sing bisa njawab entuk sakala iku banjur *bapak* antuk hadiah langsung.

(44c) Sing bisa njawab sakala iku banjur *aku* antuk hadiah langsung.

Ukara-ukara kasebut nuduhake ukara sing bener, nanging ora kabeh ukara kasebutcundhuk karo sing dikarepake ing ukara (44). Ukara sing cundhuk karo sing dikarepake ing ukara (44) yaiku ukara (44a). Ukara (44a) nduweni J sing ana ing klausa loro sing ngener marang J sing ana ing klausa siji. J sing ana ing klausa loro ukara (44a) “sing bisa njawab” ngener marang J sing ana ing klausa siji ukara (44a) “sing bisa njawab”, mula J ing klausa loro ukara (44a) disingidake, saengga ukara (44a) kalebu ukara elipsis J. Ukara (44b) lan (44c) kalebu ukara sing bener, nanging ukara (44b) lan (44c) kasebut ora cundhuk karo sing dikarepake ing ukara (44). J sing ana ing klausa loro ukara (44a) lan (44b) yaiku “bapak” lan “aku” ora ngener marang J sing ana ing klausa siji ukara (44) “sing bisa njawab”, mula J ing klausa loro ukara (44b) lan (44c) ora bisa dielipsisake saengga ukara (44b) lan (44c) ora kalebu ukara elipsis J.

Ukara (44) kasebut kalebu ukara elipsis jalaran ukara kasebut nyindingake J ing klausa kapindho. Ukara kasebut kalebu elipsis J kalungguhan Pnp jalaran J sing disingidake ing klausa kapindho nduweni kalungguhan minangka Pnp. Ukara kasebut kalebu ukara camboran jalaran dumadi saka rong klausa. J ing klausa pisan lan klausa pindho yaiku “Sing bisa njawab”. Yen ditulis jangkep ukara kasebut yaiku:

(44a) Sing bisa njawab entuk sakala iku banjur  $\Theta$  (*sing bisa njawab*) antuk hadiah langsung.



	<u>Sing</u>	<u>entuk</u>	<u>sakala</u>	<u>banjur</u>	<u>sing</u>	<u>antuk</u>	<u>hadiah</u>
	<u>bisa</u>		<u>iku</u>		<u>bisa</u>		<u>langsung</u>
	<u>nJawab</u>				<u>nJawab</u>		
W	F Kr	T	T Kt	T Pg	F Kr	T	F Ar
		Kt				Kt	
G	J	Wa	Kt		J	Wa	Gg
K	Pnp	Kr	Wkt		Pnp	Kr	Pnd

Ukara kasebut nuduhake yen ukara kasebut kalebu elipsis J. J sing dielipsisake ing klausa loro nduweni wujud yaiku F Kr, lan nduweni kalungguhan Pnp. J ing klausa loro nduweni aran, W, G, lan K padha karo J ing klausa siji ukara (44a) mula J ing klausa loro dielipsisake. Andharan kasebut bisa dimangerteni yen J sing disingidake nduweni kalungguhan Pnp. Kanggo mbuktekake yen J sing ana ing klausa loro “sing bisa nJawab” utawa J sing disingidake nduweni kalungguhan Pnp, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “sapa” “sapa sing antuk hadiah langsung?” wangsulane yaiku “sing antuk hadiah langsung, sing bisa nJawab.” Wangsulane kasebut nuduhake yen J nduweni kalungguhan Pnp, jalaran J “sing bisa nJawab” nampa kaya ing geganep. Kajaba saka kuwi kanggo mbuktekake yen J nduweni kalungguhan Pnp, bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng wujud J ing klausa loro. Wujud J sing nduweni kalungguhan Pnp lumrahe awujud T Ar utawa F Ar sing nduweni nyawa, awujud jeneng, lan awujud F Kr sing nganteni utawa nyritakake J. J sing disingidake ing ukara (44a) yaiku “sing bisa nJawab” awujud F Kr sing nganteni utawa nyritakake J. Kajaba dideleng saka wujud J, J sing nduweni kalungguhan Pnp uga bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng Wa. Wa sing J nduweni kalungguhan Pnp lumrahe Wane awujud T Kt lan T Kr sing nuduhake pakaryan nampa. Wa ing klausa loro ukara (44a) yaiku “antuk” awujud T Kt sing nuduhake pakaryan nampa. Saka wujud sing diduweni J lan dideleng saka wujud Wa sing ana ing klausa loro ukara (44a) bisa dibuktekake yen J “sing bisa nJawab” ing klausa loro nduweni kalungguhan Pnp.

#### 4.1.2.4 Elipsis Jejer Kalungguhan Reseptif sajrone Ukara Camboran

- Elipis jejer kalungguhan reseptif sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki
- (53) Wonge sambat lan tiba kelumah. ( JB. No. 28 Minggu III Maret 2015 kc.22)
- (53a) Wonge sambat lan  $\Theta$  (*wonge*) tiba kelumah.
- (53b) Wonge sambat lan *bapake* tiba kelumah.
- (53c) Wonge sambat lan *dulure* tiba kelumah.

Ukara-ukara kasebut nuduhake yen ukara kasebut kalebu ukara sing bener, nanging ora kabeh ukara kasebut ngener lan cundhuk marang ukara (53). Ukara sing ngener lan cundhuk marang ukara (53) yaiku ukara (53a). Ukara (53a) nduweni J sing ana ing klausa loro “wonge” ngener lan cundhuk marang J sing ana ing

klausa siji ukara (53a) yaiku “wonge”. J ing klausa loro ukara (53a) kasebut bisa dielipsisake mula ukara kasebut kalebu ukara elipsis J. Ukara (53b) lan (53c) kalebu ukara sing bener, nanging ukara-ukara kasebut ora ngener lan ora cundhuk marang ukara (53). J sing ana ing klausa loro ukara (53b) lan (53c) “bapake” lan “dulure” ora ngener lan ora cundhuk marang J sing ana ing klausa siji ukara (53). Mula ukara kasebut ora bisa dielipsisake, saengga ora kalebu ukara elipsis J.

Ukara (53) kasebut kalebu ukara elipsis jalaran ukara kasebut nyingidake J ing klausa kapindho. Ukara kasebut kalebu ukara camboran jalaran dumadi saka rong klausa. J ing klausa pisan lan klausa pindho yaiku “wonge”. Yen ditulis jangkep ukara kasebut (53a) Wonge sambat lan  $\Theta$  (*wonge*) tiba kelumah.

	<u>Wonge</u>	<u>sambat</u>	<u>lan</u>	<u>wonge</u>	<u>tiba</u>
					<u>kelumah</u>
W	F Ar	T Kr	T Pg	F Ar	F Kr
G	J	Wa		J	Wa
K	Pr	Kr Td		Rsp	Kh

Ukara kasebut nuduhake yen nyingidake J ing klausa nomer loro. J ing klausa nomer loro “wonge” nduweni wujud F Ar kalungguhan Rsp. Kalungguhan Rsp bisa dibuktekake kanthi menahi pitakonan “sapa” jalaran kalungguhan Rsp iki dinggoni J sing awujud jeneng, tembung sesulih, utawa wong. Kanggo bukti yen J sing disingidake nduweni kalungguhan Rsp “Sapa sing tiba kelumah?” wangsulane yaiku “sing tiba kelumah, Wonge.” Nuduhake yen J nduweni kalungguhan Rsp jalaran bisa mangsuli pitakonan sapa lan J nuduhake wong. J kalungguhan Rsp bisa dideleng saka Wa. Wa sing J nduweni kalungguhan Rsp, Wa awujud T Kr sing nuduhake pakaryan lan kahanan sing disandhang J, lan J awujud jeneng, tembung sesulih, lan T Ar sing nduweni nyawa. Bukti kasebut nuduhake yen J nduweni kalungguhan Rsp. Dene J ing klausa siji yaiku nduweni kalungguhan Pr. Kanggo mbuktekake yen J ing klausa siji nduweni kalungguhan Pr, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “sapa sing sambat?” “sing sambat, wonge.” Kajaba dibuktekake karo pitakonan kasebut uga bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng Wa. Wa ing klausa siji nduweni kalungguhan Kr Td. Senadyan kalungguhan J ing klausa siji lan klausa loro nduweni K sing ora padha yaiku ing klausa siji jejer nduweni kalungguhan Pr dene ing klausa loro J nduweni kalungguhan Rsp, nanging ukara kasebut isih bisa dielipsisake J ing klausa pindho. Iki nuduhake senadyan kalungguhan J siji lan J loro ora padha nanging J ing klausa kapindho isih bisa dielipsisake amarga J ing klausa siji lan jejer ing klausa loro nduweni W lan G sing padha.

Ukara kasebut kalebu ukara camboran saajar, jalaran ukara kasebut nggunakake T Pg “lan” kalebu T Pg

nambahake. T Pg “lan” nuduhake T Pg sing lumrahe digunakake sajrone ukara camboran sajjajar.

**4.1.2.5 Elipsis Jejer Kalungguhan Paraga lan Panandhang sajrone Ukara Camboran**

- Elipsis jejer kalungguhan paraga lan panandhang sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki
- (55) Caraka loro katundhung nuli padha adu katiyasan ana njaba. ( JB No. 4 Minggu III April 2015 kc. 33 )
  - (55a) Caraka loro katundhung nuli  $\Theta$  (*caraka loro*) padha adu katiyasan ana njaba.
  - (55b) Caraka loro katundhung nuli *rajane* padha adu katiyasan ana njaba.
  - (55c) Caraka loro katundhung nuli *patih loro* padha adu katiyasan ana njaba.

Telung ukara kasebutkalebu ukara sing bener lan bisa ngisi perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (55), nanging ora kabeh katelu ukara kasebutcundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (55). Ukara sing trep lan cundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (55) yaiku mung ukara (55a) jalaran frasa sing ngisi perangan sing dielipsisake yaiku “caraka loro” trep karo sing dikarepake ing ukara (55). Frasa “caraka loro” ing klausa loro sing dielipsisake ngener marang frasa “caraka loro” ing klausa siji. Jalaran frasa ing klausa siji lan klausa loro padha, mula frasa “caraka loro” ing klausa loro dielipsisake. Ukara (55b) lan (55c) kalebu ukara sing bener nanging ukara kasebut ora trep lan ora cundhuk karo ukara (55), jalaran frasa sing nduweni guna J ing klausa kapindho ing ukara (55b) yaiku “rajane” lan frasa sing nduweni guna J ing ukara (55c) klausa kapindho yaiku “patih loro” ora ngener lan ora cundhuk karo frasa kapisan sing nduweni guna J ing klausa siji ukara (55), mula ukara (55b) lan (55c) ora kalebu ukara elipsis J.

Ukara (55) kasebut kalebu ukara elipsis jalaran ukara kasebut nyingidake J ing klausa kapindho. Yen ditulis jangkep ukara kasebut yaiku :

(55a) Caraka loro katundhung nuli  $\Theta$  (*caraka loro*) padha adu katiyasan ana njaba.

	<u>Caraka</u>	<u>katundhung</u>	<u>nuli</u>	<u>caraka</u>	<u>padha</u>	<u>ana</u>
	<u>loro</u>			<u>loro</u>	<u>adu</u>	<u>njaba</u>
					<u>katiyasan</u>	
W	F Ar	T Kr	T	F Ar	F Kr	F
			Pg			An
G	J	Wa		J	W	Kt
K	Pnd	Kr Tg		Pr	Rspk	Ppn
				lan		
				Pnd		

Ukara (55) kasebutkalebu ukara elipsis J. Andharan kasebut nuduhake yen ukara (55) nyingidake J ing klausa kapindho, yen ditulis jangkep kaya dene ing ukara (55a). Ing ukara (55a) kaya andharan kasebutbisa dimangerteni

yen J sing ana ing klausa loro “caraka loro” sing disingidake ukara (55a), nduweni wujud F Ar lan nduweni kalungguhan Pr lan Pnd. Kanggo mbuktekake yen J ing klausa loro nduweni kalungguhan Pr lan Pnd, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “sapa” jalaran kalungguhan Pr lan Pnd iki dinggoni J sing awujud tembung jeneng, tembung sesulih, tembung wilangan sing dadi nuduhake gungunge wong utawa tembung aran sing nduweni nyawa sing nglakoni pakaryan lan nandhang kaya ing Wa. Kanggo bukti yen J sing disingidake nduweni kalungguhan Pr lan Pnd “Sapa sing padha adu katiyasan?” wangsulane yaiku “sing padha adu katiyasan, Caraka loro.” Nuduhake yen J nduweni kalungguhan Pr lan Pnd jalaran bisa mangsuli pitakonan sapa lan J nuduhake F Ar sing nuduhake wong sing nglakoni lan nandhang Wa. J kalungguhan Pr lan Pnd bisa dideleng saka Wa. Wa sing J nduweni kalungguhan Pr lan Pnd, Wa awujud T Kr lan nduweni kalungguhan Rspk. J nduweni kalungguhan Pr lan Pnd, nduweni kalungguhan Pr jalaran nglakoni pakaryan kaya ing Wa, nduweni kalungguhan Pnd jalaran nyandhang kaya ing Wa. Dene J ing klausa siji yaiku nduweni kalungguhan Pnd. Kanggo mbuktekake yen J ing klausa siji nduweni kalungguhan Pnd, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “sapa sing katundhung?” “sing katundhung, Caraka loro.” Kajaba dibuktekake karo pitakonan kasebut uga bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng Wa. Wa ing klausa siji nduweni kalungguhan Kr Tg. Kanggo mbuktekake yen Wa nduweni wujud T Kr Tg yaiku kanthi cara nganti tembung “katundhung” nganggo ater-ater tripurusa liyane yaiku “ditundhung”, yen tembung “katundhung” bisa diganti nganggo ater-ater tripurusa liyane lan dirasa trep, mula kabukti yen tembung kasebut kalebu tembung kriya tanggap. Wa awujud T Kr Tg, mula J nduweni kalungguhan Pnd.

Ukara kasebut kalebu ukara camboran sajjajar, jalaran ukara kasebut nggunakake T Pg “nuli” kalebu T Pg wayah sing urut. T Pg “nuli” nuduhake T Pg sing lumrahe digunakake sajrone ukara camboran sajjajar.

**4.1.2.6 Elipsis Jejer Kalungguhan Sumber sajrone Ukara Camboran**

Dhata elipsis jejer kalungguhan sumber ora dipraguli sajrone kalawarti Jayabaya taun 2015 dening panliti.

**4.1.2.7 Elipsis Jejer Kalungguhan Faktor sajroeUkara Camboran**

Elipsis jejer kalungguhan faktor sajrone ukara camboran bisa dideleng ing dhata ngisor iki.

- (58) Wit ciplukan kanggo obat diabetes amarga bisa ngudhunake kadar gula darah kang dhuwur. ( JB No.15 Minggu III Desember 2015 kc. 41)

- (58a) Wit ciplukan kanggo obat diabetes amarga  $\Theta$  (wit ciplukan) bisa ngudhunake kadar gula darah kang dhuwur.
- (58b) Wit ciplukan kanggo obat diabetes amarga *godhonge* bisa ngudhunake kadar gula darah kang dhuwur.
- (58c) Wit ciplukan kanggo obat diabetes amarga *kembange* bisa ngudhunake kadar gula darah kang dhuwur.

Katelu ukara kasebut kalebu ukara sing bener lan bisa ngisi perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (58), nanging ora kabeh katelu ukara kasebut cundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (58). Ukara sing trep lan cundhuk karo perangan sing dielipsisake sajrone dhata ukara (58) yaiku mung ukara (58a) jalaran frasa sing ngisi perangan sing dielipsisake yaiku “wit ciplukan” trep karo sing dikarepake ing ukara (58). Frasa “wit ciplukan” ing klausa loro sing dielipsisake ngener marang frasa “wit ciplukan” ing klausa siji. Jalaran frasa ing klausa siji lan klausa loro padha, mula frasa “wit ciplukan” ing klausa loro dielipsisake. Ukara (58b) lan (58c) kalebu ukara sing bener nanging ukara kasebut ora trep lan ora cundhuk karo ukara (58), jalaran frasa sing nduweni guna J ing klausa kapindho ing ukara (58b) yaiku “godhonge” lan frasa sing nduweni guna J ing ukara (58c) klausa kapindho yaiku “kembange” ora ngener lan ora cundhuk karo frasa kapisan sing nduweni guna J ing klausa siji ukara (58), mula ukara (58b) lan (58c) ora kalebu ukara elipsis J. Saka dhata kasebut bisa dimangerteni yen ukara (58a) bisa kalebu ukara elipsis J jalaran frasa sing dielipsisake sajrone klausa kapindho ngener lan cundhuk karo frasa sing nduweni guna J ing klausa siji.

Ukara (58) kasebut kalebu ukara elipsis jalaran ukara kasebut nyingidake J ing klausa kapindho. J ing klausa pisan lan klausa pindho yaiku “wit ciplukan”. Yen ditulis jangkep ukara kasebut yaiku :

(58a) Wit ciplukan kanggo obat diabetes amarga  $\Theta$  (*wit ciplukan*) bisa ngudhunake kadar gula darah.

	<u>Wit</u> <u>ciplukan</u>	<u>kanggo</u>	<u>obat</u> <u>diabetes</u>	<u>amarga</u>	<u>wit</u> <u>ciplukan</u>	<u>bisa</u> <u>ngudhunake</u>	<u>kadar</u> <u>gula</u> <u>darah</u>
W	F Ar	T An	F Ar	T Pg	F Ar	F Kr	F Ar
G	J	Wa	Gg	J	J	Wa	Gg
K	Pnd	Kh	Pnd		Fk	Kh	Pnd

Ukara kasebut nuduhake yen nyingidake J ing klausa nomer loro. J ing klausa nomer loro “wit ciplukan” nduweni wujud F Ar kalungguhan Fk. Kalungguhan Fk bisa dibuktekake kanthi menehi pitakonan “apa” jalaran kalungguhan Fk iki dinggoni J sing awujud T Ar lan F Ar. Kanggo bukti yen J sing disingidake nduweni kalungguhan Fk “Apa sing bisa ngudhunake kadhar gula

darah?” wangsulane yaiku “sing bisa ngudhunake kadhar gula darah yaiku, wit ciplukan.” Nuduhake yen J nduweni kalungguhan Fk jalaran bisa mangsuli pitakonan apa. Kalungguhan Fk nuduhake yen sing nduweni kalungguhan Fk minangka panyebab.

J ing klausa siji yaiku nduweni kalungguhan Pnd. Kanggo mbuktekake yen J ing klausa siji nduweni kalungguhan Pnd, bisa dibuktekake kanthi pitakonan “apa sing kanggo obat diabetes?” “sing kanggo obat diabetes, wit ciplukan.” Kajaba dibuktekake karo pitakonan kasebut uga bisa dibuktekake kanthi cara ndeleng Wa. Wa ing klausa siji nduweni kalungguhan Kh, jalaran J nandhang kahanan kaya ing Wa. Wa awujud T An nduweni kalungguhan Kh, mula J nduweni kalungguhan Pnd.

Ukara kasebut kalebu ukara camboran susun, jalaran ukara kasebut nggunakake T Pg “amarga” kalebu T Pg akibat sebab. T Pg “amarga” nuduhake T Pg sing lumrahe digunakake sajrone ukara camboran susun.

## DUDUTAN LAN PAMRAYOGA

Isine bab V iki kaperang dadi loro, yaiku (1) dudutane panliten lan (2) pamrayoga, diandharake ing ngisor iki.

### 5.1 Dudutan

Elipsis jejer yaiku nyingidake perangan jejer sajrone ukara nanging ora ngowahi teges sajrone ukara. Elipsis jejer sajrone ukara camboran nduweni teges nyingidake perangan jejer ing klausa kapindho utawa jejer kaloro sawise tembung panggandheng, jalaran jejer ing klausa kapindho kasebut nduweni wujud sing padha karo jejer ing klausa siji, mula jejer ing klausa kapindho disingidake. Elipsis jejer sajrone ukara camboran nduweni ancas supaya ukara kasebut endah lan irit tembung nanging tegese bisa dimangerteni.

Elipsis jejer sajrone ukara camboran bisa diperang adhedhasar wujud lan kalungguhane jejer sing disingidake. Adhedhasar teori transformasi generatif, wujud jejer sing bisa dielipsisake bisa diperang dadi telu yaiku (1) elipsis jejer awujud tembung aran lan frasa aran, (2) elipsis jejer awujud tembung kriya lan frasa iya, lan (3) elipsis jejer awujud tembung kahanan lan asa kahanan.

Elipsis jejer sajrone ukara camboran adhedhasar kalungguhane jejer bisa diperang yaiku (1) elipsis jejer kalungguhan paraga sajrone ukara camboran, (2) elipsis jejer kalungguhan panandhang sajrone ukara camboran, (3) elipsis jejer kalungguhan panampa sajrone ukara camboran, (4) elipsis jejer kalungguhan reseptif sajrone ukara camboran, (5) elipsis jejer kalungguhan faktor sajrone ukara camboran, (6) elipsis jejer kalungguhan sumber sajrone ukara camboran, (7) elipsis jejer kalungguhan paraga lan panandhang sajrone ukara camboran. Jejer sing bisa dielipsisake sajrone ukara camboran yaiku jejer sing nduweni wujud tembung sing padha antarane jejer ing klausa siji lan jejer ing klausa loro.

## 5.2 Pamrayoga

Asile panliten iki isih akeh lupute, mula panliti ngarepake ana panyaru sing asipat mangun supaya panliten sabanjure bisa kasil luwih apik. Saliyane kuwi panliti uga menhake pamragoya kanggo panliten ngenani elipsis, mligine ngenani elipsis jejer sajrone ukara camboran ing basa Jawa, yaiku (1) isih akeh topik panliten ngenani elipsis jejer sajrone ukara camboran sing durung diteliti yaiku ngenani jinise perangan tembung aran, frase aran, tembung kriya, frase kriya, tembung kahanan, lan frasa kahanan sing dadi guna jejer lan bisa dielipsisake, jinise tembung-tembung ing ndhuwur isih bisa diperang dhewe-dhewe, (2) panliten ngenani elipsis jejer sajrone ukara camboran iki, nduweni luput lan kurang, kurange panliten iki yaiku ora njingglengi bab pamerange elipsis ing ukara camboran. Ing bab dhata, panliten iki ora nggunakake dhata lisan nanging mung ngliti dhata tulis, kamangka dhata lisan uga bisa diteliti sajrone elipsis jejer ing kacamata paragmatik, mula diajab ana panliten sing bisa menahi koreksi tumrap asile panliten iki.

## KAPUSTAKAN

- Abdoe'llah, M. 1911. *Paramasastra Djawa Minangka Gagasan Kanggo Marsoedi Dhewe*. Blitar : Typ. Boekhandel en Drukkerij v/h G.C.T van Dorp & Co.
- Adipitoyo, Sugeng. 2002. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa Dialek Surabaya*. Surabaya: Departemen Pendidikan Nasional Republik Indonesia Universitas Negeri Surabaya.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Valensi Sintaksis Bahasa Jawa*. Surabaya: Citra Wacana.
- Adisumarto, Mukidi. 1912. *Tjengkorongan Paramasastra Djawi Modern dalah Pendadaran Minangka Mangsuli tuwin Tuladha-Tuladha Pangrajuting Ukara*. Surakarta: Toko Buku Tiga.
- Alwasillah, Chaedar. 2011. *Beberapa Mazhab dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Linguistik Suatu Pengantar*. Bandung: Angkasa.
- Antonsuhono. 1956. *Reringkesaning Paramasastra Jawa*. Yogyakarta: Hien Hoo Sing
- Arifin, Syamsul. 1986. *Tipe Kalimat Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- \_\_\_\_\_. 1990. *Tipe-Tipe Klausa Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa
- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta
- Ghufroon, Syamsul. 2010. *Analisis Wacana: Sebuah Pengantar*. Sidoarjo: ASRI Press.
- Hadisoebroto, T. *TT Paramasastra Jawi*: Surakarta: Penerbit WIDYA DUTA.
- Herawati, dkk. 1994. *Struktur Kalimat Majemuk dalam Bahasa Jawa*: Yogyakarta. Balai Bahasa Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2006. *Kalimat dalam Bahasa Jawa Penyusunan dan Permasalahannya*: Yogyakarta. Balai Bahasa Yogyakarta.
- Kridalaksana, Harimurti. 1985. *Tata Bahasa Deskriptif Bahasa Indonesia: Sintaksis*. Jakarta: P3B
- \_\_\_\_\_. 2007. *Kelas Kata dalam Bahasa Indonesia*. Jakarta: Gramedia
- \_\_\_\_\_. 2008. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta: PT Rajagrafindo Persada.
- Nardiati. 2005. *Struktur Peran Semantis Kalimat Verbal Dalam Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta
- Parera, Jos Daniel. 1991. *Sintaksis*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Padmosoekotjo. 1987. *Paramasastra Jawa*. Surabaya: P.T. Citra Jaya Murti
- Poerwadarminta. 1953. *Sarining Paramasastra Djawa*. Jakarta: Noordhoff.Kolff N.V
- Prawiroatmodjo. 1955. *Paramasastra*. Yogyakarta: Balai Bahasa Yogyakarta.
- Ramlan, 1987. *Ilmu Bahasa Indonesia SINTAKSIS*: Yogyakarta. CV Karyono
- Sasangka. 1989. *Paramasastra Jawa Gagrag Anyar*: Surabaya. PT.Citra Jaya Murti
- \_\_\_\_\_. 2013. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*: Jakarta. Yayasan Paramalingua
- Subagyo Rahmad. 2011. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya : CV.Bintang
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik, Bagian Kedua : Metode dan Aneka Tehnik Penggunaan Data*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

\_\_\_\_\_.1991. *Tata Bahasa Baku Bahasa Jawa*.  
Yogyakarta : Duta Wacana University Press.

\_\_\_\_\_. 1993. *Metode dan Aneka Tehnik Analisis Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.


Subalidinata, Drs. 1994. *Kawruh Paramasastra Jawa*.  
..... : Yayasan Pustaka Nusatama

Verhaar, J.W.M. 2008. *Asas-Asas Linguistik Umum*.  
Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.

Wedhawati, dkk. 2001. *Tata Bahasa Jawa Muthakir*.  
Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.

\_\_\_\_\_.2005. *Tata Bahasa Jawa Muthakir (Edisi Revisi)*. Yogyakarta: Penerbit KANISIUS.

Yuniseffendri. *Analisis Wacana*. 2007. Surabaya:  
Lembaga



**UNESA**  
Universitas Negeri Surabaya